

Fòm Konsantman Project COVID DeteCT Quest

Tès gratis nan lekòl pou elèv ki pa vaksinen yo pral ogmante dire aprantisaj an pèsòn lan nan detekte, swiv, ak izole rapidman moun ki pozitif pou COVID-19 yo. Tès COVID-19 lan pral pèmèt bese risk transmisyon an epi pèmèt yon aksè ki plis regilye nan aprantisaj an pèsòn elèv yo. Fòm konsantman sa pral kouvri dire Project COVID DeteCT (Pwojè COVID DeteCT) la.

Kisa tès lan ye?

Tès la se yon tès koton tij pou nen (yon tès non envazif anndan nen) epi ap dire sèlman kèlke segond sèlman pou prelevman an fèt. Se yon metòd prelevman non envazif.

Èske yo pral pataje enfòmasyon sa?

Enfòmasyon sa pral pataje sèlman pou itilizasyon sante piblik, sa ki kapab enkli notifiye kontak rapwoche pitit ou si li te ekspozè ak COVID-19 epi swiv lòt etap yo pou anpeche nouvo pwopagasyon COVID-19 nan kominote skolè a. Pataj enfòmasyon konsènan pitit ou an pral fèt an akò ak lwa epi politik vil lan ki aplikab nan pwoteksyon vi prive elèv ak sekirite sou enfòmasyon pitit ou.

Enfòmasyon sou Elèv:	
Non Elèv:	Dat Nesans
Adrès:	Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Lòt
Ras (opsyonèl): <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa/Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Natif Ameriken/Natif Alaska <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Natif Ameriken/Natif Alaska <input type="checkbox"/> Awayen/Natif Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Awayen/Natif Zile Pasifik	Gwoup etnik (opsyonèl): <input type="checkbox"/> Ispanik/Latino <input type="checkbox"/> Pa Ispanik/Latino
Lekòl:	Nivo Klas:
Enfòmasyon Paran/Gadyen: Obligatwa pou reponn	
Non Paran/Gadyen (Tanpri Ekri)	# Telefòn Paran/Gadyen
Imèl Paran/Gadyen:	

KONSANTMAN

Distrik nan lokalite lekòl pitit mwen, an kolabarasyon ak DPH (Depatman Sante Piblik) ap òganize tès sa yo, epi DPH ap peye tès lan pou mwen. Mwen otorize Quest Diagnostics Incorporated ak filyal epi konpani asosye li yo ("Quest Diagnostics") pou pataje protected health information, PHI (enfòmasyon pwoteje sou sante) mwen yo jan sa dekri nan Otorizasyon sa bay Transformative Healthcare, LLC, ki ap bay otorite pou preskripsyon an, Connecticut Department of Public Health (DPH) ak distrik lekòl pitit mwen an. Lè mwen ranpli epi soumèt fòm sa, Mwen konfime ke mwen se paran, gadyen, oswa moun ki otorize legalman pou bay konsantman epi:

- Mwen otorize prelevman ak tès COVID-19 PCR an gwoup, epi tès PCR molekilè endividyèl chak semèn jan sa aplikab, sou pitit mwen ki pa vaksinen pandan lè lekòl yo, pou pwogram depistaj Connecticut Department of Public Health ak Connecticut State Department of Education (Depatman Edikasyon Eta Connecticut).
- Mwen otorize prelevman ak tès COVID-19 PCR an gwoup, epi tès PCR molekilè endividyèl sou pitit mwen ki pa vaksinen.
- Mwen konprann ke tip prelevman tès sa pral yon tès nan nen ak yon koton tij (yon tès non envazif anndan nen an) epi ap dire sèlman kèlke segond sèlman pou prelevman.
- Kèlkeswa rezilta tès lan, elèv yo DWE respekte tout rekòmandasyon sou sekirite pou COVID-19 lan, ki gen ladann mete mask ak distansyasyon sosyal, epi swiv pwotokòl lekòl la konsènan izòlman ak fè tès sizoka elèv la ta devlope sentòm COVID-19 yo.
- Mwen konprann ke pitit mwen dwe rete lakay li si li pa santi li byen. Mwen rekonèt ke yon rezilta tès pozitif se yon endikasyon ke pitit mwen dwe rete lakay li, an izòlman, epi kontinye mete mask oswa kouvèti vizaj jan sa rekòmande pou evite enfekte lòt moun. Ekip rechèch kontak distrik lan ap bay dat izòlman yo.
- Mwen konprann ke sistèm lekòl lan p ap aji antan ke founisè medikal pitit mwen, tès sa pa ranplase tretman founisè medikal mwen, epi mwen asume tout responsabilite pou pran dezisyon kòrèk konsènan rezilta tès pitit mwen. Mwen dakò pou mwen al chèche konsèy, swen ak tretman medikal nan men founisè medikal pitit mwen si mwen gen kesyon oswa enkyetid, oswa si kondisyon li ta vin pi mal. Mwen konprann ke mwen responsab finansyèman pou nenpòt swen pitit mwen resevwa nan men founisè swen sante li.
- Antan ke siyatè dokiman sa, mwen bay konsantman m tou pou resevwa rezilta prelevman chak semèn nan men Transformative, LLC, pa imèl, mesaj tèks epi si sa nesesè, pa mesaj vokal otomatik.
- Mwen konprann ke bay otorizasyon m pou yo fè tès sa yo pou pitit mwen ki poko vaksinen opsyonèl e ke mwen ka refize bay konsantman m, nan ka sa, yo p ap fè tès pou pitit mwen.
- Mwen konprann ke mwen ka chanje lide epi anile konsantman sa nenpòt kilè, men anilasyon sa se ap pou nouvo enfòmasyon yo, li p ap afekte enfòmasyon mwen te deja bay konsantman m pou yo pataje yo.

Siyati Gadyen (Obligatwa):	Dat:
-----------------------------------	-------------